

W ap pran Dwòg?

**Redüi  
Risk**



**Pou w Fè Ovèdoz,  
Epatit C ak VIH SIDA.**

## Evite fè Ovèdoz (OD)

- + Teste dwòg ou yo gras ak bann tès Fentanyl yo.**  
Si tès yo ta pozitif, pa itilize dwòg lan. Si ou planifye pou itilize l, kòmanse ak yon ti kantite epi ale lanman. Ale sou [nyc.gov/health/fentanyl](https://nyc.gov/health/fentanyl) pou w kapab konnen ki kote w ka jwenn bann tès fentanyl.
- + Evite itilize yon dwòg poukont li epi pa pran l yon sèl kou.**  
Si w ap pran dwòg la poukont ou, rele liy asistans Never Use Alone (Pa Janm Itilize l Poukont Ou) lan nan 800-484-3731.
- + Evite melanje dwòg, ni alkòl tou.**
- + Toujou mete naxolone yon kote tou pare ou ka pase men w pran l.**  
Naloxone se yon medikaman san danje epi fasil pou itilize ki kapab kwape efè yon ovèdòz opiyoyid tankou ewoyin, analjezik ak fentanyl. Rele **311**, oswa ale sou [nyc.gov/health](https://nyc.gov/health) epi chèche naxolone pou w kapab konnen kote pou jwenn yon tisak (kit) gratis.
- + Fè atansyon si toutfwa ou pa itilize l sa fè yon ti tan.**  
Tolerans ou kapab pi ba, sa ki ka fè ou gen plis chans pou w fè ovèdoz.
- + Reyaji fas ak yon ovèdoz.**  
Si ou ak yon moun ou panse ki ap fè ovèdoz, ba li naloxone epi rele **911**. Fè operatè a konnen gen yon moun ki sispann respire.



# Evite Enfeksyon Epatit C (Hep C) ak VIH SIDA

Epatit C ak VIH se viris ki antre nan san an. Lè w pataje ekipman pou pran dwòg, tankou sereng, ekipman pou kuit dwòg, koton ak dlo, ak yon moun ki gen Epatit C oswa VIH, sa kapab enfekte ou. Epatit C kapab fè dega nan fwa ou, epi pa gen okenn mwayen pou geri VIH SIDA, pa menm gen medikaman pou li.

- + **Toujou itilize ekipman ki nèf.**  
Genyen pwogram anonim nan Vil New York ki ap bay sereng ak ekipman pou pran dwòg gratis.
- + **Pa janm pataje ekipman,**  
sitou si ou ap pran enjeksyon, rale oswa fimèn dwòg.



## Enstriksyon pou Ijans nan Ka Ovèdoz

- 1. Rele 911.**
- 2. Bay moun nan Naloxone si ou genyen.**  
Flite naloxone pou nen nan narin moun nan, oswa ba l yon piki pou enjekte naloxone entramiskilè nan pati anlè bra li oswa nan pati anlè kuis li. Si pa gen reyaksyon nan de (2) minit, ba li yon dezyèm dòz.
- 3. Mete moun nan kouche sou kote.** Rete tann èd rive.

## Resous

- + **Sereng Gratis epi a Ba Pri:** Ale gade nan famasi lokal yo, oswa ale sou [nyc.gov/alcoholanddrugs](https://nyc.gov/alcoholanddrugs) pou w kapab jwenn yon lis pwogram sèvis sereng.
- + **Tès ak Swen pou Epatit C:** Rele **311**, oswa ale sou [nyc.gov/health/hepc](https://nyc.gov/health/hepc).
- + **Tès ak Swen pou VIH SIDA:** Rele **311**, oswa ale sou [nyc.gov/health/hiv](https://nyc.gov/health/hiv).
- + **Sipò ak Resous pou Sante Mantal:**  
Rele **888-692-9355**, oswa ale sou [nyc.gov/nycwell](https://nyc.gov/nycwell).